

engage^{ny}

Elèv Nou yo. Moman yo.

**Pwogram Egzamen Eta New York
Nòm Komen Debaz Egzamen Matematik Klas
3yèm Ane–8yèm Ane**

**Fason pou Konprann Nòm Komen Debaz yo
Rapò Nòt nan Egzamen Matematik Klas
3yèm ane–8yèm Ane**

Out 2014



Pwogram Egzamen Eta New York Nòm Komen Debaz Egzamen Matematik Klas

Fason pou Konprann Nòt Elèv yo Fè nan Matematik

Avèk adopsyon Nòm Aprantisaj Debaz Komen [Common Core Learning Standards (CCLS)] New York pou Klas Matènèl-12yèm Ane nan Lang ak Literati Anglè [English Language Arts (ELA)]/Konpetans pou Li ak Ekri/Matematik, Konsèy Administrasyon Regents te siyale yon chanjman nan ansèyman an ak evalyasyon an. Apati Prentan 2013, Eta New York te bay egzamen yo te chwazi pou evalye pèfòmans elèv yo dapre chanjman nan ansèyman an ak rigè Nòm Komen Debaz Leta (CCSS) egzije. Pou ede nan tranzisyon nouvo egzamen yo, Eta New York pibliye yon kantite resous, tankou pwojè ak espesifikasyon egzamen yo, modèl kesyon yo ak kritè pou ekri kesyon egzamen yo. Dokiman sa a ap eksplike rapò fanmi yo resevwa yo pou egzamen Lang Matematik dapre Nòm Komen Debaz Prentan 2014 pou klas 3yèm ane-8yèm ane. Rapò anote sou nòt sa yo ap ede elèv yo, fanmi yo, edikatè yo, ak piblik la pi byen konprann kijan pou yo entèprete rapò sou nòt yo pou ane 2014.

Fason pou Rapò sou Nòt Elèv yo Fè nan Matematik

Chak ane, elèv ki nan klas 3yèm ane-8yèm ane pran Egzamen Nòm Komen Debaz nan Matematik. Nòt nan egzamen sa yo pa endike tout istwa a sou sa yon timoun konnen ak sa li kapab fè. Rezilta yo nan egzamen Matematik Klas 3yèm ane-8yèm ane p ap endike nan relvednòt ofisyèl pitit ou oswa nan dosye pèmanan elèv ou.

Aprè egzamen an, fanmi yo ap resevwa yon rapò k ap eksplike yo fason pitit yo te travay nan egzamen an. Dokiman sa a eksplike pati rapò sou nòt la. Dokiman sa a itilize yon rapò nòt pou klas 3yèm ane kòm yon egzanp. Si pitit ou pa nan klas 3yèm ane, ou ka remake kèk diferans. Nou eksplike diferans sa yo nan Seksyon 4 dokiman an. Nou ankouraje ou pou travay avèk pwofesè pitit ou ak lòt edikatè yo pou mete ansanm yon plan pou sible sitou sa pitit ou ap aprann ak fason li aprann pi byen. Si ou gen enkyetid akòz nòt jeneral pitit ou oswa akòz pèfòmans pitit ou nan yon domèn espesyal, nou ankouraje ou pou:

- Pale avèk pwofesè matematik pitit ou sou ki ladrès pitit ou jwenn ki pi difisil.
- Revize avèk pitit ou travay ak devwa klas matematik li pou wè si l ap fè pwogrè nan menm ladrès la.
- Pale avèk pwofesè matematik pitit ou ak/oswa direktè lekòl li pou wè si pitit ou ka bezwen sipò siplemantè ak sible pou amelyore ladrès sa yo.
- Defann pitit ou pou li resevwa sipò siplemantè jan li nesèsè. Tout elèv ki gen Nivo Pèfòmans ki se swa Nivo 1 Eta New York oswa Nivo 2 Eta New York kalifye pou resevwa sèvis entèvansyon akademik (AIS) nan lekòl yo.

Nòt: Nou bay nòt alechèl la ak "Pwen Pitit Ou Resevwa yo" pou ti nòt apa pou rezon eksplikasyon sèlman. Tout lòt chif ki nan rapò a montre vrè pèfòmans eta a.

Rezilta Egzamen Pitit Ou

| | | |
|--|--------------|--|
| Entèval Nòt Alechèl pou Matematik nan Ane Akademik 2013–14 Nivo 4 pou Eta New York: 340–394 Nivo 3 pou Eta New York: 314–339 Nivo 2 pou Eta New York: 285–313 Nivo 1 pou Eta New York: 139–284 | TABLO | Rezilta Egzamen Matematik pou Klas 4yèm Ane nan Ane Akademik 2013–14 |
| | | Nòt Alechèl 316 |
| | | Nivo Pèfòmans Nivo 3 pou Eta New York |
| | | Ran Pèsantil Jeneral Eta a* 73 |
| | | *Nòt pitit ou nan egzamen an se te menm oswa pi plis pase 73 pousan tout elèv nan eta a ki te pran egzamen sa a. |
| | | Rezilta Egzamen pou Ane Akademik 2012-13: Matematik Klas 3yèm Ane Nivo Pèfòmans Nivo 1 pou Eta New York |

1 Nòt Alechèl (2013–14): Nou detèmine *Nòt Alechèl la* dapre kantite pwen pitit ou te resevwa nan egzamen an nan ane akademik 2013–14. Kantite pwen yo dwe sou yon echèl yon fason pou rezilta egzamen an ka vle di menm bagay la ane apre ane menmsi diferan elèv pran egzamen an avèk diferan kesyon. Tank pitit ou resevwa pi gwo kantite pwen, tankou nòt alechèl li ap pi gwo. Nòt alechèl yo gen plis siyifikasyon lè yo asosye avèk yon nivo pèfòmans. Tablo 1 bay entèval nòt alechèl yo pou chak klas nan ane akademik 2013–14, epitou li bay nòt alechèl pitit ou ta bezwen pou li satisfè egzijans pèfòmans nivo klas li epitou pou li sou wout pou preparasyon pou kolèj ak karyè li. Sonje nòt alechèl ane akademik 2013–14 ka pa nan rapò a si yon elèv te pa t reponn tout kesyon ki nan egzamen an, si elèv la te jwenn dispans pou pa fè egzamen an akòz pwoblèm medikal, oswa si te gen yon erè administratif.

Tablo 1: Entèval ak Nivo Konpetans Nòt Alechèl yo nan Tout Klas yo

| | Klas | | | | | |
|---|---------|---------|---------|---------|---------|---------|
| | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| Entèval Nòt Alechèl yo | 139–394 | 126–402 | 126–405 | 119–399 | 133–401 | 119–403 |
| Si yon elèv fè Nòt Alechèl ki Pi Gran Pase oswa ki Egal a Valè sa a, Elèv sa a Konpetan | 314 | 314 | 319 | 318 | 322 | 322 |

2 Nivo Pèfòmans (2013–14): Nou bay yon *Nivo Pèfòmans* pou elèv yo dapre jan yo travay nan egzamen an. Gen kat (4) nivo pèfòmans posib: Nivo 1 pou Eta New York, Nivo 2 pou Eta New York, Nivo 3 pou Eta New York, ak Nivo 4 pou Eta New York. Nou bay yon nivo pèfòmans pou chak elèv dapre nòt alechèl elèv la resevwa. Pa egzanp, elèv ki nan rapò sou nòt la te reyalize yon Nivo 3 pou Eta New York. Nivo pèfòmans sa a endike elèv la te montre li konpetan nan nòm nivo klas la. Pou jwenn yon deskripsyon konplè sou chak nivo pèfòmans, tanpri ale anba paj 1 ki nan chak rapò sou nòt yo. Pou jwenn yon deskripsyon an detay sou ladrès, konesans ak pratik ki jeneral pou elèv yo nan chak nivo pèfòmans, tanpri ale sou sitwèb

<http://www.engageny.org/resource/performance-level-descriptions-for-ela-and-mathematics>

3 Ran Pèsantil Jeneral Eta a (2013–14): *Ran Pèsantil Jeneral Eta a* konpare nòt pitit ou avèk rès elèv ki te pran egzamen an nan menm matyè debaz la nan ane akademik 2013–14. Rapò sou ran pèsantil yo prezante sou yon echèl 1–99. Si pitit ou gen yon *Ran Pèsantil Jeneral Eta a* ki se 73, sa vle di nòt alechèl pitit ou te menm oswa pi gwo pase 73% tout elèv ki te pran menm egzamen an. Tank *Ran Pèsantil Jeneral Eta a* pi wo, tank pitit ou te travay pi byen parapò avèk lòt elèv yo.

Nòt: Nou bay nòt alechèl la ak “Pwen Pitit Ou Resevwa yo” pou ti nòt apa pou rezon eksplikasyon sèlman. Tout lòt chif ki nan rapò a montre vrè pèfòmans eta a.

4 **Nivo Pèfòmans (2012–13):** Nivo pèfòmans ane akademik 2012–13 endike nivo pèfòmans pitit ou te reyalize nan egzamen ane akademik 2012–13. Ou kapab konpare nivo pèfòmans ane akademik 2012–13 avèk nivo pèfòmans ane akademik 2013–14 pou detèmine si pitit ou montre li vin pi bon ant ane yo. Si pitit ou te reyalize yon Nivo 1 pou Eta New York nan ane akademik 2012–13, epi answit si li reyalize yon Nivo 3 pou Eta New York nan ane akademik 2013–14, lè sa a pitit ou soti nan nivo pèfòmans ki te anba nivo konpetan nèt pou li montre nivo konpetans klas la nan nòm nivo klas la. Sonje elèv ki pran egzamen klas 3^{yèm} ane p ap gen yon nivo pèfòmans ane akademik 2012–13 paske pa gen evalyasyon nan Klas 2^{yèm} Ane.

Nòt: Nou bay nòt alechèl la ak “Pwen Pitit Ou Resevwa yo” pou ti nòt apa pou rezon eksplikasyon sèlman. Tout lòt chif ki nan rapò a montre vrè pèfòmans eta a.

Paj 2 – Dèyè Fèy la

Domèn Debaz Komen nan Matematik ak Gwoupman Sible yo

Operasyon ak Rezònman Aljebrik

Elèv yo multipliyè epi divize nan limit 100. Elèv yo konprann pwopriyete multiplikasyon ak relasyon ki genyen ant multiplikasyon ak divizyon. Elèv yo rezoud pwoblèm ki gen ladan kat (4) operasyon yo—adisyon, soustraksyon, multiplikasyon, ak divizyon—epitou yo idantifye ak eksplike modèl yo nan aritmetik.

Nonb ak Operasyon—Fraksyon

Elèv yo rekonèt fraksyon yo kòm nonb, sa ki fè yo konprann yon fraksyon fòme lè yon nonb antye separe an anpil pati egal. Elèv yo rekonèt epi yo kapab kreye fraksyon ekivalan. Answit, elèv yo konpare de fraksyon ki gen menm nimeratè oswa menm denominatè.

Mezi ak Done

Elèv yo rezoud pwoblèm ki gen ladan mezi ak estimasyon entèval tan, volim likid, ak mas objè. Elèv yo konprann konsèp sipèfisi epi yo asosye sipèfisi a avèk multiplikasyon ak adisyon.

| | | | | | |
|---|-----------------------|---|--------------------|---|---|
| 6 | Pwen Pitit Ou Resevwa | 7 | Kantite Pwen Posib | 8 | Mwayèn Pwen Tout Elèv yo Resevwa nan New York |
| | 25 | | 27 | | 17 |
| 5 | 8 | | 12 | | 6 |
| | 10 | | 12 | | 8 |

5 Ti Nòt Apa pou Domèn Matematik:

Pwen nan egzamen Matematik la separe an twa ti nòt apa nan rapò a. Ti nòt apa sa yo mezire matyè debaz enpòtan yo pou klas la, ki òganize an domèn (pa egzanp, **Operasyon ak Rezònman Aljebrik**). Nou kalkile ti nòt pou domèn yo dapre pwen elèv yo resevwa pou gwoup kesyon ki evalye matyè debaz prensipal yo. Ti nòt sa yo diferan selon klas la akòz diferans ki genyen nan konesans ak ladrès elèv yo bezwen montre nan chak klas. Tanpri ale nan Tablo 2 ki nan fen dokiman sa a pou jwenn domèn nou rapòte yo nan lòt klas yo.


Tanpri ale nan gid egzamen an pou jwenn plis enfòmasyon sou domèn espesyal yo pou chak klas

(<http://www.engageny.org/resource/test-guides-for-english-language-arts-and-mathematics>).

6 Pwen Pitit Ou Resevwa nan Ti Nòt Apa pou Domèn:

Pwen Pitit Ou Resevwa nan ti nòt apa pou domèn yo evalye kantite pwen pitit ou te resevwa pou kesyon ki evalye domèn nan (pa egzanp, **Operasyon ak Rezònman Aljebrik**). Pitit ou resevwa yon pwen pou repons kòrèk li te bay pou chak kesyon ki gen repons ochwa. Pitit ou ka resevwa anpil pwen pou chak kesyon ki mande pou li bay repons ki konstwi.

Gen de (2) kalite kesyon pou bay repons ki konstwi: repons kout (maksimòm 2 pwen) ak repons long (maksimòm 3 pwen). Pwofesè yo klase repons chak elèv pou kesyon sa yo. Nou ajoute pwen elèv yo resevwa pou kesyon pou yo bay repons konstwi sou kantite kesyon ki gen repons ochwa elèv yo reponn kòrèkteman pou fè pwen sa yo egal avèk *Pwen Pitit Ou Resevwa* nan ti nòt apa pou domèn nan. Gade egzanp ki anba la a.



Pou jwenn modèl kesyon nan egzamen Matematik 2014, tanpri ale sou sitwèb

<http://www.engageny.org/resource/new-york-state-common-core-sample-questions>

Nòt: Nou bay nòt alechèl la ak “Pwen Pitit Ou Resevwa yo” pou ti nòt apa pou rezon eksplikasyon sèlman. Tout lòt chif ki nan rapò a montre vrè pèfòmans eta a.

7 Kantite Pwen Posib nan Ti Nòt Apa pou Domèn:

Kantite Pwen Posib nan ti nòt apa pou domèn yo dekri kantite pwen total ki evalye domèn espesyal sa a nan egzamen Matematik ane 2014. Sa gen ladan tout pwen posib nan kesyon ki gen repons ochwa yo ak kesyon pou bay repons ki konstwi nan domèn nan. Ou kapab konpare pwen sa yo avèk *Pwen Pitit Ou Resevwa* nan ti nòt apa pou domèn nan. Pa egzanp, si *Pwen Pitit Ou Resevwa* pitit ou se 25 nan kesyon ki evalye **Operasyon ak Rezònman Aljebrik** ak *Kantite Pwen Posib* nan kesyon ki evalye **Operasyon ak Rezònman Aljebrik** se 27, lè sa a li te rate yon total de (2) pwen nan domèn **Operasyon ak Rezònman Aljebrik**.

| | | |
|---|-----------------------|--------------------|
| Domèn Debaz Komen nan Matematik ak Gwoupman Sible yo | Pwen Pitit Ou Resevwa | Kantite Pwen Posib |
| Operasyon ak Rezònman Aljebrik | 25 | 27 |
| Elèv yo miltipliye epi divize nan limit 100. Elèv yo konprann pwopriyete miltiplikasyon ak relasyon ki genyen ant miltiplikasyon ak divizyon. Elèv yo rezoud pwoblèm ki gen ladan kat (4) operasyon yo—adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon, ak divizyon—epitou yo idantifye ak eksplike modèl yo nan aritmetik. | | |

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason nou te mete anpil kesyon nan chak seksyon egzamen an, tanpri ale sou sitwèb

<http://www.engageny.org/resource/test-guides-for-english-language-arts-and-mathematics>

8 Mwayèn Pwen Elèv yo Resevwa nan New York:

Mwayèn Pwen Elèv yo Resevwa nan Eta New York nan ti nòt apa pou domèn rapòte mwayèn kantite pwen elèv yo resevwa toupatou nan eta a nan ane 2014. Ou kapab itilize kantite sa a pou konpare pèfòmans pitit ou avèk lòt elèv ki te pran egzamen Matematik la nan klas yo. Pa egzanp, si pitit ou te resevwa 25 pwen nan **Operasyon ak Rezònman Aljebrik**, epi si *Mwayèn Pwen Elèv yo Resevwa nan New York* nan **Operasyon ak Rezònman Aljebrik** se 17, lè sa a li resevwa uit pwen anplis nan **Operasyon ak Rezònman Aljebrik** pase elèv nòmal yo nan eta a. Men, tanpri sonje li posib pou resevwa plis pwen pase elèv nòmal ki te pran egzamen Matematik la nan menm klas la nan **Operasyon ak Rezònman Aljebrik**, ak lòt ti nòt apa yo, epi nou toujou konsidere elèv la pa konpetan.

| | | | |
|---|-----------------------|--------------------|---|
| Domèn Debaz Komen nan Matematik ak Gwoupman Sible yo | Pwen Pitit Ou Resevwa | Kantite Pwen Posib | Mwayèn Pwen Tout Elèv yo Resevwa nan New York |
| Operasyon ak Rezònman Aljebrik | 25 | 27 | 17 |
| Elèv yo miltipliye epi divize nan limit 100. Elèv yo konprann pwopriyete miltiplikasyon ak relasyon ki genyen ant miltiplikasyon ak divizyon. Elèv yo rezoud pwoblèm ki gen ladan kat (4) operasyon yo—adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon, ak divizyon—epitou yo idantifye ak eksplike modèl yo nan aritmetik. | | | |

Nòt: Nou bay nòt alechèl la ak “Pwen Pitit Ou Resevwa yo” pou ti nòt apa pou rezon eksplikasyon sèlman. Tout lòt chif ki nan rapò a montre vrè pèfòmans eta a.

Tablo 2. Ti Nòt Apa pou Domèn ak Kantite Pwen Ti Nòt Apa Posib pou Matematik selon Klas la

| Klas | Rapòtaj Kategori yo | | |
|------|--|---|---|
| | 1 | 2 | 3 |
| 3 | Operasyon ak Rezònman Aljebrik 27 | Nonb ak Operasyon— Fraksyon 12 | Mezi ak Done 12 |
| 4 | Operasyon ak Rezònman Aljebrik 11 | Nonb ak Operasyon nan Baz Dis 17 | Nonb ak Operasyon— Fraksyon 18 |
| 5 | Nonb ak Operasyon nan Baz Dis 18 | Nonb ak Operasyon— Fraksyon 25 | Mezi ak Done 10 |
| 6 | Pwopòsyon ak Relasyon Pwopòsyonèl 18 | Sistèm Nimerik 12 | Ekspresyon ak Ekwasyon 28 |
| 7 | Pwopòsyon ak Relasyon Pwopòsyonèl 20 | Sistèm Nimerik 14 | Ekspresyon ak Ekwasyon 22 |
| 8 | Ekspresyon ak Ekwasyon 30 | Fonksyon 19 | Jewometri 12 |

Nòt: Nou bay nòt alechèl la ak “Pwen Pitit Ou Resevwa yo” pou ti nòt apa pou rezon eksplikasyon sèlman. Tout lòt chif ki nan rapò a montre vrè pefòmans eta a.